

Bwochi sa genyen ladan-l eksplikasyon jéneral de sa Konsèy Nasyonal Relasyon Travay ye e sa li fè konsènan tretman nan chaj sou pratik delwayal travay. Byen ke bwochi-a pa kapab réponn ak tout kesyon yo, li genyen enfòmasyon itil ki kapab vini bénéfik pou-ou.

Ki sa Konsèy Nasyonal Relasyon Travay la ye?

Nou se yon ajans Fédéral endépandan ki établi pou ranfòsé lwa Nasyonal Relasyon Travay (NLRA). En tan ke ajans endépandan, nou pa fè pati de okenn lòt ajans gouvènman tankou Dépatman Travay.

Ki dwa ke ou genyen entan ke travayè sou baniè NLRA?

Pa egzanp men ki dwa ou genyen entan ke travayè sou baniè NLRA :

Fòmé, oswa fè atante pou fòmé, yon sendika pami travayè yo.

Fè pati de yon sendika menm lè ke sendika rekonèt pa patron-w ou pa.

Edé yon sendika nan òganizé travayè parèy-ou yo.

Angajé nan aktivité konsèté pwotejé yo.

Jénéralman aktivité konsèté pwotejé se yon gwoup aktivité k-ap chèché pou-l modifyé salè oswa kondisyon travay.

Refizé pou fè nenpòt oswa tout bagay sa yo. Toutfwa, sendika ak anplwayè-a, nan yon éta koté akò sa yo otorizé, yo kapab konkli yon antante sékirite sendikal légal koté yo ka mandé travayè yo pou fè pati de sendika.

NLRA entèdi anplwayè yo pou pa entèféré avèk, reteni oswa kontrenn travayè yo nan egzèsé dwa yo pou òganizé, fòmé, rankontré oswa asisté yon òganizasyon travay nan bi négosiasyon kolektif oswa angajé nan aktivité konsèté, oswa absteni nan jan de aktivité sa yo. Menm jan, òganizasyon travay yo pa kapab retni oswa kontrenn travayè yo nan egzèsis dwa sa yo.

Men egzanp konpòtman patron ki vyolé lwa NLRA:

Menasé travayè yo pou pèdi travay yo oswa bénéfis si yo fè pati oswa voté pou yon sendika oswa angajé nan aktivité konsèté protejé.

Ménasé pou fèmen izinn si travayè yo chwazi yon sendika pou reprézanté yo.

Kesyoné travayè sou zanmitay yo avèk sendika oswa nan sikonstans ki genyen tandans pou entèféré, retni, kontrenn travayè yo nan egzèsis dwa yo anba lwa.

Pwomèt travayè yo bénéfis pou kapab dékourajé yo nan sipò yo a sendika .

Transféré, mize an disponibilité, revoké oswa ba travayè yo travay ki pi difisil paske yo angajé nan sendika oswa nan aktivité konsèté pwotejé.

Men egzanp konpòtman patron ki vyolé lwa NLRA

Menasé travayè yo ke y-ap pèdi travay yo amwnens ke yo sipoté aktivité sendika yo.

Réfizé pou rézoud yon pwoblèm paské travayè-a te kritiké yon ofisyé sendika yo.

Pénalizé travayè yo ki te demisyoné valableman de yon sendika pou angajé nan aktivité pwotejé aprè ke yo fin démisioné.

Chèchè révoké yon travayè paske-l pa dakò avèk kontra sendika, lè travayè-a pèyé oswa ofri pou-l pèyé frè dantré légal ak kotizasyon peryodik .

Réfizé référans oswa bay référans nan lokal anbochaj bazé sou ras oswa aktivité sendika.

Sa nou pa fè. . .

Nou pa ranfòsé—

Plizyè lwa Fédéral nan jiridiksyon Dépatman di travay. pa egzanp:

Stati sou konpansasyon chomaj Stati konpansasyon sou aksidan nan travay e stati chomaj égal.

Lwa sou standa travay ekitab pwovizyon varié sou sezi salè

Lwa sou kontra stati piblik Lwa Davis-Bacon sou kontra sèvis e lwa relatif kontra lè travay e lwa standa sou sékirité.

Lwa plizyè etat ki gen rapò ak travay pa egzanp:

Stati diferan nan jiridiksyon komisyon opòtinité sou chomaj egal

SI OU GENYEN NENPOT KESYON SOU RELASYON LWA SA YO AVEK AJANS NOU YO OSWA APLIKASYON LWA NOU YO NAN SITIYASYON-W, TANPRI KONTAKTE AJAN ENFOMASYON-AN.

Eske-w pa kouvri nan bénéfis NLRA?

NLRA spesifikman ekskli nan bénéfis li endividi sa yo :

Anplwayé kòm travayè nan agrikilti.

Anplwayé nan sèvis domestic ak nenpòt moun oswa fanmi nan yon kay.

Anplwayé pa yon paran oswa konjwain.

Anplwayé kòm yon kontraktè endepandan.

Anplwayé kòm yon sipèvizè.

Anplwayé pa yon anplwayè ki sijè a lwa travay sou chemen de fè.

Anplwayé pa gouvènman Federal, Etat oswa Lokal

Anplwayé pa nenpòt lòt moun ke NLRA pa défini kòm anplwayè

SI OU GENYEN NENPOT KESYON POU KONNEN SI-W KOUVRI NAN BENEFIS NLRA, TANPRI WE AVEK YON AJAN ENFOMASYON.

When Do We Take Action?

Si ou genyen nenpòt kesyon ki gen rapò a sitiyasyon nan travay-w ou ta renmen diskite avèk ajans la, ajan enfòmasyon nou ap kontan pou-l palé avèk ou. Ajan enfòmasyon-an se yon pwofésyonèl ki genyen ekspéryans nan investigasyon sou akizasyon nan pratik delwayal travay. Ajan enfòmasyon-an kapab kontaké pa téléfon, pa lapos oswa an pèsòn pou diskite kesyon ou sweté prezanté a ajans

Ajan enfòmasyon-an kapab ba-w enfòmasyon ki kapab asistè-w pou desidé si wi ou non w-ap depozé yon akizasyon sou ka pratik delwayal travay.

Si ou ta vlé dépozé yon akizasyon nou ka ba-w fòm ki apwopriyé e asistans pou ranpli fòm sa yo.

Ou dwe okouran ke lalwa prévwa akizasyon sou ka pratik violasyon delwayal travay dwe depozé e sèvi nan lespas 6 mwa nan lè insidan te rivé.

Ki sa-w kapab esperé, si-w depozé yon akizasyon?

Si-w dépozé yon akizasyon, ou dwe préparé pou di nou non avèk adrès anlwayè-a oswa sendika ke w-ap depozé akizasyon-an kont li-a. Anplis, ou dwe di nou nati akizasyon ou-an. Yo pral mandé-w pou bay adrès aktyèl-ou nan fòm akizasyon-an la avèk tou pou siyen akizasyon-an.

Yon kopi akizasyon-an pral sèvi a anlwayè-a oswa sendika kont moun w-ap dépozé akizasyon-an.

Aprè akizasyon-an fini depozé, ou pral résevwa prèv ou yo nan sipò akizasyon-an. Resi prèv-ou, ap enkli déklarasyon sou sèman, ki ka rivé nan moman w-ap dépozé akizasyon-an. Si sa pa rivé, yon ajan NLRB ap kontakté-w nan yon titan aprè akizasyon-an fini depozé nan bi pou resevwa prèv-ou an sipò avèk akizasyon-an.

Si prèv sifizan devwalé bay manda pou kontiniasyon investigasyon-an, ajan Konsèy ki asiyen a ka ou-a ap kontakté lòt temwen yo ki posédé enfòmasyon enpòtan e sendika oswa anlwayè ki akizé yo.

Après investigasyon sou zafè sa, yon revizyon ap fèt sou prèv yo. Si ta sanblé pa genyen okenn violasyon ki te fèt sou NLRA, Ajan Konsèy la ap mandé-w pou rétiré akizasyon-an . Si-w desidé pou pa rétiré-l biwo rejyonal la ap rejteé akizasyon ou-an. Ou pral genyen opòtinité, si-w deziré fè apèl kont révokasyon biwo rejyon-an nan biwo dapèl nan Washington D.C.

Si aprè révizsyon prèv la li ta sanblé ke yon violasyon te fèt y-ap mandé anplwayè ki akizé-a oswa sendika ap mandé pou remedyé violasyon an. Si pati ki akizé-a réfizé volontèman remedyé pwoblèm nan, yon plaint fòmèl ap fèt kont pati ki akizé-a e ka pral mété pou yon odians devan yon jij lalwa administratif. Pandan odians la y-ap prezanté prèv konsènan akizasyon yo nan plaint la. Odyans la devan yon jij lalwa administrative e ki kapab révizé evantyèlman devan konsèy la oswa tribinal Etazini yo ap detèminé kisa, si genyen, solisyon ou ka resevwa kòm yon rézilta akizasyon ou yo.

Biwo NLRB yo:

W-ap jwenn adrès biwo nou yo nan anyè telefòn nan anba Gouvènman Etazini, Konsèy Nasyonal Relasyon Travay.

Adrès ak telefòn biwo ki pi pré-w se :